

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonésia téh beunghar ku rupa-rupa sélér bangsa jeung budaya. Éta sélér bangsa jeung budaya téh jadi kabeungharan budaya Nusantara. Umumna budaya Nusantara téh saperti adat istiadat sélér bangsa mangrupa budaya nu diwariskeun ti karuhun. Éta sababna, budaya Nusantara nu aya di daérah-daérah boga ciri has séwang-séwangan. Kitu ogé dina sagala rupa kelompok anu digunakeun minangka bahan panalungtikan nu bisa matak ngirut wisatawan. Sélér bangsa jeung ciri has anu matak ngirut bangsa séjén nyaéta sélér bangsa Sunda. Budaya Sunda ngabogaan idéntitas sorangan anu mirip jeung budaya sélér bangsa séjénna (Koentjaraningrat, 2009, Kc. 125).

Budaya Nusantara nu rupa-rupa téh dipiboga ku masarakat di daérah-daérah nu aya di wewengkon Indonésia. Nurutkeun data Badan Bahasa 2022 nétélakeun yén aya 718 bahasa di Indonésia. Tina ratusan bahasa Indonésia, aya komunitas anu masih nyekel pageuh kana adat istiadatna. Maranéhanana nganjrek di komunitas masarakat atawa kampung anu biasa disebut komunitas masarakat atawa kampung adat. Kampung adat ngabogaan ciri has anu béda dibandingkeun jeung kampung dina umumna. Hal ieu sajalan jeung pamadegan Asshiddiqie (2014, kc. 1) “kampung dina umumna ngabogaan karakteristik anu sipatna umum, utamana mah lantaran kuatna pangaruh adat kana sistim pamaréntahan lokal, nu matéahkeun sumber daya lokal jeung kahirupan sosial budaya masarakat kampung”.

Wilayah Provinsi Jawa Barat boga sababaraha wilayah budaya jeung masarakat anu disebut masarakat tradisional anu unik saperti, Kampung Ciptagelar di Sukabumi, Kampung Naga di Tasikmalaya, Kampung Dukuh di Garut, jeung Kampung Kuta di Ciamis, éta masarakat teh nganjrek di kampung adat.

Masih aya kénéh kampung adat nu can dipikanyaho tur diguar nyaéta Kampung Adat Miduana anu tempatna di Désa Balégedé, Kecamatan Naringgul,

Kabupatén Cianjur, anu dina taun 1999 ditetepkeun minangka Kampung tradisional adat ku Pamaréntah lokal ti Kabupatén Cianjur. Masarakat di Désa Adat Miduana sapopoéna ngamumulé adat-istiadat anu diwariskeun ku karuhun maranéhanana jeung masarakat kampung adat Miduana ngarasa yén alam nyaéta bagian ti manusa (PKPU, 2014, Kc 25).

Di Kampung Adat Miduana sorangan boga modél-modél kaweruh anu nyindekel kana ajén-inajén budaya kelompokna. Hal ieu bisa katingali tina prosés ngagedékeun jeung pola asuh. Prosés pangaweruh ka budak dina jéro prosés adab (étika) prosés ngabudayakeun atawa énkulturasi. Énkulturasi nyaéta prosés ngawariskeun kabudayaan ka *individu* anu didukung ku lingkungan sosialna. Nurutkeun Kodiran, énkulturasi boga tujuan pikeun ngabudayakeun atawa ngawariskeun tradisi ti kolot ka anakna, ti hiji entragan ka entragan séjénna. Ari mekarkeun budaya téh teu bisa leupas tina prosés dékultisasi budaya nyaéta tumuwuhna unsur kabudayaan anyar anu aya nalika parobahan situasi (Kodiran, 2004, kc. 18).

Kamekaran budaya téh teu leupas tina pasualan jeung hambatan budaya anu aya kaitanna pikeun cara pandang hirup jeung sistim kapercayaan, bédana tina sudut pandang atawa pamadegan, hambatan faktor psikologis atawa kejiwaan, masarakat terpencil atawa terasing, kurangna komunikasi jeung masarakat séjénna, sikep tradisionalisme anu ngabogaan sangkaan goréng kana hal-hal anu anyar, ngaalus-aluskeun kabudayaan sélér bangsana sorangan jeung ngagogoréng budaya sélér bangsa séjénna atawa leuwih kasohor ku paham étnoséntrisme, jeung kamekaran IPTÉK minangka hasil tina kabudayaan anu sering disalahgunakeun (Koentjaraningrat, 2009: kc. 122).

Lamun urang ningali kana parobahan anu aya utamana tina segi sosial budaya masarakat Kampung Miduana, parobahan ieu aya nalika masarakat mikahayang naon nu dipikahayang ku maranéhanana (*bottom-up*) atawa intervénsi pamaréntah (*top-down*). Upamana waé nalika Kampung Miduana dirobah jadi kampung adat atawa kampung wisata, balukarna aya hubungan sosial antara masarakat di Kampung Miduana jeung masarakat di luar lantaran leuwih sering kontak jeung kelompok sosial

atawa étnis séjénna pikeun *penétrasi*, saperti téknologi modérn. Parobahan téh lain ngan saukur aya di masarakat tapi ogé dina jero budaya luar ku lantaran parobahan sosial.

Parobahan-parobahan anu lumangsung dina kabudayaan mangrupa gerak kabudayaan anu teu bisa disingkahan minangka dampak tina parobahan anu lumangsung di masarakat budaya anu dikembangkeun ku manusa pikeun ngaimplikasi kana lingkungan tempat kabudayaan éta mekar. Kabudayaan nonjolkeun kapunjulan ciri has ti masarakat anu katingali ti luar. Hiji jalma bisa mikanyaho akibat budaya kana lingkungan ku cara nganalisis. Kumaha hiji lingkungan tinangtu bisa béda jeung lingkungan séjénna jeung ngahasilkeun kabudayaan anu béda ogé.

Dina prosés dékulturasi kabudayaan aya prosés sinkronisasi jeung panglengkep budaya anu diwariskeun ku cara ngilu kana parobahan zaman jeung kamajuan téknologi di tengah-tengah masarakat. Parobahan-parobahan anu aya dina kabudayaan mangrupa gerak kabudayaan anu teu bisa ditinggalkeun minangka dampak tina parobahan anu aya di masarakat. Teu bisa ngabibisani yén manusa dina jero hirupna pasti bakal ngalaman parobahan budaya (Koentjaraningrat, 2009, kc.127).

Dumasar kana sawangan di luhur, katingal ayana faktor anu nyababkeun parobahan ajén-inajén. Parobahan ajén-inajén di Kampung Adat Miduana kawilang lambat atawa henteu robah. Panalungtik kataji ku ajén-inajén nu aya di Kampung Adat Miduana, sok sanajan kampung-kampung sabudeureun Kampung Adat Miduana geus robah luyu jeung kamajuan jaman, Kampung Adat Miduana masih kénéh nyekel pageuh kana tetekon titinggal karuhunna. Ku kituna, perlu panalungtikan husus ngeunaan Kampung Adat Miduana tina jihat ajén-inajén budaya di Kampung Adat Miduana di Kabupatén Cianjur.

## 1.2 Rumusan Masalah

Masarakat di Kampung Adat Miduana boga budaya nu tangtu. Ari budaya saperti budaya masarakat adat séjén bisa disawang tina unsur-unsur jeung ajén-inajén. Unsur budaya di Kampung Adat Miduana ngawengku sistim struktur sosial jeung sistim pakasaban.

Kampung Adat Miduana anu tempatna di Désa Balégedé Kecamatan Naringgul Kabupatén Cianjur, mangrupa salah sahiji kampung adat anu aya di Indonésia, di jerona aya unsur-unsur anu ngarojong kana dékulturasi kabudayaan lokal, di antarana nyaéta ditilik tina kahirupan sapopoé masarakat kampung adat Miduana, anu masih kénéh nyékél pageuh kana adat kabiasaan karuhun dina prosés ngatik barudakna ti entragan luhur nepi ka entragan handap.

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, masalah nu ditalungtik dirumuskeun ieu di handap.

- 1) Unsur-unsur budaya naon waé nu hirup di masarakat Kampung Adat Miduana?
- 2) Ajén-inajén budaya naon waé nu dipibanda ku masarakat Kampung Adat Miduana?
- 3) Kumaha proses pawarisan budaya di masarakat Kampung Adat Miduana?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Panalungtikan ieu sacara umum boga tujuan pikeun mikanyaho warisan kabudayaan nu mangrupa titinggal karuhun nyaéta kampung adat, sangkan entragan satuluyna mikanyaho warisan titinggal karuhun urang sarta teu leungit ku kamekaran jaman, téknologi, jeung arus pariwisata.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung manggihan ajén-inajén di kabudayaan masarakat Kampung Adat Miduana.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Kalawan husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) Unsur -unsur budaya nu hirup di masarakat Kampung Adat Miduana.
- 2) Ajén-inajén budaya nu dipibanda ku masarakat Kampung Adat Miduana, jeung
- 3) Cara ngawariskeun budaya di masarakat Kampung Adat Miduana.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Hiji panalungtikan ilmiah kudu méré mangpaat boh sacara tioritis boh praktis. Ku kituna, kauji kualitas panalungtikan nu dilakukeun ku salah saurang panalungtik. Aya mangpaat nu bisa dibéré dina ieu panalungtikan saperti di handap:

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

#### a. Pikeun ilmu kaweruh

Ieu panalungtikan dipiharep pikeun ngeuyeuban kaweruh ngeunaan Kampung Adat nu aya di wilayah Jawa Barat, hususna ngeunaan ajén-inajén nu aya di Kampung Adat, di antarana:

#### (1). Ajén Kajujuran

Jujur minangka hiji ajén mangrupa kaputusan hiji jalma pikeun ngébréhkeun (dina wangun haté, kekecapan atawa paripolah), yén sabenerna anu teu bisa dimanipulasi kucara ngabohongan, atawa nipu batur pikeun kauntungan dirina sorangan. Kecap jujur biasana ku kecap bener anu lawan kecapna téh bohong. Ma'na jujur bisa *dikorélasikeun* ku cara kahadéan (kamaslahatan). Kamaslahatan ngabogaan makna penting pikeun jalma réa, lain keur dirina sorangan atawa kelompokna, tapi kabéh jalma kalibet.

#### (2). Ajén Patriotisme

Dumasar kana pamadégan anu diébréhkeun ngeunaan ajén jeung *patriotisme*, bisa dicindekkeun yén ajén patriotisme mangrupa acuan atawa prinsip anu némbongkeun kacintaan ka kelompok atawa bangsa jeung bisa ngajungjung luhur ajén kamanusaan.

#### (3). Ajén Gotong Royong

Gotong royong mangrupa hiji kayakinan ngeunaan pentingna ngalakukeun kagiatan ku cara babarengan pikeun hiji tujuan supaya kagiatan anu dilakukeun bisa lumangsung leuwih gancang jeung gampang.

### **b. Pikeun ÉlmU Antropologi Budaya**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jero deui ngeunaan paélmuan dina widang antropologi budaya.

## **1.4.2 Mangpaat Praktis**

### **a. Pikeun Panalungtik**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan ajén-inajén jeung cara ngawariskeunana ka seuweu-siwi nu aya di Kampung Adat Miduana.

### **b. Pikeun Akademisi**

Ieu panalungtikan minangka bahan réferensi pikeun ngalegaan hasanah élmu pangaweruh anu aya pakuat-pakaitna jeung nilai budaya dina raraga pawarisan kabudayaan Kampung Adat Miduana.

### **c. Pikeun Guru**

Ieu panalungtikan dipiharep jadi perhatian husus ka pamaréntah Provinsi Jawa Barat utamana di Dinas Kabudayaan ngeunaan pentingna mupusti/ngamumulé budaya-budaya lokal di tengah modérenisasi anu mangaruhan kana sagala aspék anu bisa mangaruhan kana budaya-budaya lokal.

### **d. Pikeun Murid**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalarapkeun ajén-inajén anu positip ngaliwatan aprésiasi jeung literasi seni budaya nu aya di Kampung Adat Miduana. Salah sahijina aprésiasi pertunjukkan wayang gejlig, dina prosés diajar ngajar.

### **é. Pikeun Masarakat**

Ieu panalungtikan bisa méré inpormasi pangaweruh dina raraga ngawariskeun ajén-inajén budaya lokal ka entragan handap.

## 1.5 Raraga Tinulis

Ieu tésis disusun jadi lima bab, anu wincikanna saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat Tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tinulis.

Bab II Tatapakan Tiori, anu eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu ngadasaran panalungtikan sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Ieu bab disebut minangka kajian pustakana. Kajian pustaka miboga fungsi minangka landasan tioritik dina nyusun rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan. Dina kajian pustaka, panalungtikan ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori sarta hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III Metode Panalungtikan, anu eusina medar ngeunaan métode panalungtikan nu diwincik deui jadi métode panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina medar asal – usul Kampung Adat Miduana, budaya, sistim jeung struktur sosial, sistim pakasaban, sistim pakakas jeung téknologi, basa, kasenian, sistim élmu pangaweruh, sistim agama jeung kapercayaan, ajén-inajén budaya Kampung Adat Miduana, tradisi jeung ritual warga Kampung Adat Miduana, wisata alam jeung situs, prosés ngawariskeun budaya di Kampung Adat Miduana, interpretasi tokoh adat jeung entragan ngora dina ngamekarkeun jeung lumangsungna ajén-inajén budaya, pamahaman jeung pangaweruh kana budaya Adat Kampung Miduana.

Bab V, Kacindekan jeung Saran, medar ngeunan kumaha panalungtikan napsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.